



KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN WONOSOBO
FKKM MTs KABUPATEN WONOSOBO
Alamat : Jl. Banyumas KM 04 Wonosobo 56361 Telp: (0286)322386

ASESMEN AKHIR TAHUN (ASAT)

TAHUN PELAJARAN 2024-2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/Tanggal :

Kelas : IX (Sanga)

Waktu :

Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi menehi tanda ping (X) ana sawijining jawaban sing kok anggep bener !

1. Anoman Duta Anoman dadi Dhuta Ramawijaya, banjur njujug menyang taman keputren, Ing kana Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha, malah bisa ngaturake ali- aline Sri Rama marang Dewi Sinta. Sakwise oleh sisik melik lan kaanan liyane, Anoman ya Kethek putih banjur bali. Nanging nalika arep pamit bali, konangan para prajurit Alengkdiraja, banjur dirangket nuli disowanake marang Prabu Rahwana. Dening Rahwana, Anoman kapatrapan paukuman yaiku bakal diobong ing alun-alun Ngalengka. Kethek putih ya Anoman nglakoni paukuman. Nanging sanajan diobong, Anoman ora bisa kobong amarga sakti mandraguna malah mencolot sanduwuring kraton, omah, lan bangunan liyane . Wit-witan kang diencoki Anoman kabeh kobong. Kraton Ngalengka sing maune apik, saiki dadi segara geni. Prabu Dasamuka nesu lan mrentahake para prajurit supaya nyekel Anoman. Nanging Anoman bisa lolos lan bisa ketemu maneh atur palapuran marang prabu Rama. Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan Dewi Trijatha ana ing
A. taman kaputren
B. angkasa
C. wana
D. alas
2. Ing Taman mau, Dewi Trijatha kang bisa ngarih-arih lan nglelipur Shinta supaya gelem mangan. Dewi Trijatha kuwi putra atmajane Gunawan Wibisana. Gunawan Wibisana iku adhine Dasamuka. Dadi Dewi Trijatha isih ponakane Rahwana. Dewi Trijatha arupa ayu lan alus bebudene, ora kaya buta Ngalengka. Upama ora ana Trijatha, Dewi Shinta wis mati suduk salira. Tembung *atmaja* tegese....
A. garwa
B. anak
C. putu
D. sedulur
3. Dewi Shinta wis kalakon diboyong dening Rahwana ya Dasamuka kang lunyu ilate menyang Kraton Ngalengkdiraja. Dewi Shinta dipapanake ing Taman Keputren. Sang Dewi ora gelem mangan lan ora gelem ngombe, mulane badane kuru aking. Rambute kang dawa katon kaya gimbal amarga suwe ora adus. Kabeh iku katindakake supaya Rahwana ora kayungyung maneh marang Sang Dewi. Lunga menyang ngendi wae, Dewi Shinta tansah nyangking cundrik utawa keris cilik kanggo njaga kaslametane. Sawektu-wektu Rahwana diraja nggadho ati lan teka arep ngrudhapeksa, Shinta bakal mati suduk salira utawa bunuh dhiri. Tembung *kayungyung* tegese....

- A. mencla-mencle
 - B. nyerikake
 - C. ketarik
 - D. digendhong
4. Kraton Ngalengka sing maune apik, asri saiki dadi segara geni. Prabu Dasamuka nesu lan mrentahake para prajurit supaya nyekel Anoman. Nanging Anoman kasil lolos lan wis bisa ketemu maneh atur palapuran marang Sang Prabu. Omah bangunan liyane lan wit-witan kang diencoki Anoman kabeh kobong. Tembung **Sang** kalebu jenising tembung
- A. aran
 - B. pangilah
 - C. kriya
 - D. katrangan
5. Tembang macapat yaiku salah sawijine karya sastra/ tembang jawa kang nduweni paugeran yaiku guru lagu, guru wilangan, lan guru gatra. Tibaning swara ing pungkasaning gatra (aksara urip utawa *vokal* (a, i, u, e, o) kang ana ing pungkasaning gatra) diarani
- A. guru gatra
 - B. guru lagu
 - C. guru swara
 - D. guru wilangan

Tembang kanggo mangsuli pitakon no 6 - 8

Sasmitaning ngaurip puniki,
 mapan ewuh yen ora weruha,
 tan jumeneng ing uripe,
 akeh kang ngaku-aku,
 pangrasane sampun udani,
 tur durung wruhing rasa,
 rasa kang satuhu,
 rasaning rasa punika,
 upayanen darapon sampurna ugi,
 ing kauripanira.

6. Pethilan tembang saka Serat Wulangreh kasebut kalebu tembang macapat
- A. pangkur
 - B. kinanthi
 - C. gambuh
 - D. dhandhanggula
7. Ana ing paugeran sekar macapat, kang diwastani cacahé utawa akehe wanda (Ind- suku kata) saben sagatra yaiku....
- A. guru lagu
 - B. guru gatra
 - C. guru wilangan
 - D. guru swara
8. Guru wilangan lan guru lagu gatra kapapat yaiku
- A. 6U

- B. 7U
- C. 8U
- D. 9U

9. Serat Wulangreh mujudake salah sawijining karya agung anggitane Sri Susuhunan Pakubuwana IV, kang asale saka Kasunanan Surakarta Hadiningrat. Raja Jawa antaraning taun 1788 nganti tekan 1820. Pakubuwana IV yaiku raja kang munggah tahta nalika isih enom lan Pakubuwana iku sastrawan kang misuwur. Salah sijining karya kang paling kawentar sinebut Wulangreh, yaiku karya sastra kang surasane ajaran kanggo menehi piwulang marang manungsa supaya bisa ngrubah moral kang luwih becik.

Tembang Dhandhanggula ing serat Wulangreh isine yaiku ...

- A. babagan ala becik perilaku
 - B. babagan nindhakake ajaran agama
 - C. babagan dhasar-dhasaring tingkah laku
 - D. babagan carane golek guru
10. Sandiwara asale saka tembung sandi kang tegese rahasia lan tembung wara kang tegese wewarah, pitutur. Dadi sandiwara bisa di tegesi : Salah sawijining cara kanggo menehi wewarah marang wong liya kanthi cara sesidheman utawa rahasia kang di wujudake ana sawijining pementasan. Kabeh Naskah carita gancaran bisa dipentasake ananging kudu diowahi dadi naskah sandiwara, kanthi cara

- A. diwenehi tanda titik loro (:) sawise nulisake arane paragane
 - B. diwenehi tanda kutip (") sawise nulisake arane paragane
 - C. diwenehi tanda koma (,) sawise nulisake arane paragane
 - D. diwenehi tanda titik (.) sawise nulisake arane paragane
11. Ing sajroning naskah carita bakal tinemu unsur-unsur kang asale saka sajroning carita iku kang diarani unsur-unsur intrinsik. Lumakune carita utawa urutan-urutan prastawa kang ana ing sajroning carita yaiku
- A. setting
 - B. paraga
 - C. amanat
 - D. alur

12. Dina : Sesuk dina Jumat kowe arep neng endi Tin? mesti ana acaramlaku-mlaku ya?!

Tina : Durung ngerti ki.. aku durung nduwe rencana nengendi-endi.

Rina : Yen aku arep neng ngomah wae. Aku mendingan sinau tinimbang dolan mrana-mrene ra jelas ngunu.

Umi : Iya, aku uga padha karo Rina. tinimbang keluyuran ra jelas mending sinau wae neng omah.

Dina : Wah kowe ki dina Jumat yo isih sinau, ta ?! sajrone pitu dina kuwi awake dhewe mung nduwe sakdina kanggo nyenengna awak, ngapa uga mesti sinau.

Tina : Iya, dekne kabeh sregep banget Padahal sinau sajrone nem dina kuwi uga wis luwih saka cukup. (Umi banjur njelaske marang dekne kabeh, yen pamulangan kuwi luwih penting tinimbang dolanan utawa keluyuran ra jelas).

Umi : Plesiran lan dolan kuwi pancen butuh sih.. awake dhewe mestine kudu rumangsa bosen menawa saben dina mung sinau lan sinau, Nanging dhewe kudu eling menawa kanthi akeh anggone sinau sing bakal ndadekne awake dhewe dadi bocah sing pinter.

Rina : Iya, aku setuju karo kowe, Umi. Wis lah, aku sih bukannya nglarang yen kowe arep pada dolan, Nanging karepku ki kowe tetap fokus karo pamulangan. Aja kakehan keluyuran, sawetara pamulangan mu tokkalahke.

Paraga utama sandiwara “Penting Pendidikan” yaiku....

- A. Umi
- B. Dina
- C. Rina
- D. Tina

13. Dina iki, aku arep melu lomba gladhen kawruh basa Jawa ana ing pendhapa kabupaten Wonosobo. Lomba gladhen kawruh diwiwiti tabuh 8 esuk tekan 12 awan. Anggone melu gladhen kawruh, saben sekolah ngirimake 1 kelompok kang cacahé 3 siswa. Saka sekolahku ana Aku, Deni, lan Radit. Sadurunge budhal gladhen kawruh, Pak Bagus minangka guru Pembina lomba, maringi arahan marang aku lan kanca-kanca.

Pak Bagus : “Ndhuk, Le kabeh perlengkapan kayata alat tulis wis digawa kabeh apa durung? Kanggo Ajeng, pasarta putri kudu nganggo jilbab sing gathuk karo seragam dina iki, seragam OSIS”

Aku : “Nggih pak, sampun. Menika kula sampun bekta jilbab pethak pak, mangke dipun dingge wonten panggenan lomba kemawon, supados boten reged wonten dalan nalika bidhal lomba”

Pak Bagus : “Ya, aja padha lali nganggo sepatu tali ireng lho ya, supaya katon rapi” Rungu Pak Bagus ngendika kudu nganggo sepatu ireng, raine Radit sajake gugup, Radit banjur mangsuli Pak Bagus.

Radit : “Waduh pak, wau kula kesupen ngangge sepatu pethak menika pak, amargi wau enjing kula madosi dasi OSIS boten kepanggih”

Pak Bagus : “Ealah dit, dit, wis tekan dinane lomba kok isih wae ana sing kurang, hayo mau wengi jam pira lemu turu?”

Deni : “Tabuh 12 dalu pak, amargi wau dalu kula kaliyan Radit sareng-sareng ningali sepak bola wonten layar tancep ngajeng Pos Ronda” Mireng Deni karo Radit sing turune telat, pak Bagus banjur ngendika

Pak Bagus : “Hayo ngene iki, yen wis dikandhani supaya turu gasik, saiki dadi lali ta, apa wae barang kang kudu dienggo lan digawa, amarga mau esuk mesti tangine telat, wis saiki gek mulih sek, mumpung isih gasik, gantinen sepatumu dit, ayo men diterke Pak Bagus wae nganggo sepedha motor”

Radit : “Nggih pak, Matur Nuwun” Sawise kuwi, Pak Bagus banjur nitih sepedha motor kanggo ngeterke Radit bali omah, supaya ganti sepatu ireng. Aku lan Deni ngenteni ana ing kantor sekolah.

Saka pethikan teks sandhiwara ana ing dhuwur mau, unsur intrinsik kang trep karo tuladhane ing ngisor iki yaiku

- A. Tema pendidikan, paraga lomba gladhen kawruh, Setting ana ing sekolah
- B. Paraga Pak Bagus, Radit, Ajeng, Deni, tema gladhen kawruh, setting ana ing omahe Radit
- C. Tema pendidikan, setting ana ing sekolah, paraga Pak Bagus, Radit, Ajeng, lan Deni

- D. Alur, Ajeng kudu nganggo jilbab putih, paraga Bapak Ibune Radit, tema pendidikan.
14. Kadadosan ing negari ingkang gemah ripah loh jinawi, tata tentrem kerta raharja. Wonten salah satunggaling pangeran ingkang gesangipun sarwa kacekapan. Pangeran menika putra mahkota ingkang badhe nglajengaken tahta kerajaan. Ananging pangeran kalawau mboten marem kalih gesangipun ingkang kacekapan. Pangeran kepingin lelana, nglampahi wana. Pangeran kepingin madosi jati dirine ugi pengalaman gesang. Paragane pangeran ing cerita andhe-andhe lumut kalebu paraga
- antagonis
 - tritagonist
 - protagonis
 - intragonis
15. Pak Bagas : “Ndhuk, Le kabeh perlengkapan kayata alat tulis wis digawa kabeh apa durung?
Kanggo Ajeng, pasarta putri kudu nganggo jilbab sing gathuk karo seragam dina iki, seragam OSIS”
- Aku : “Nggih pak, sampun. Menika kula sampun bekta jilbab pethak pak, mangke dipun dingge wonten panggenan lomba kemawon, supados boten reged wonten dalan nalika bidhal lomba”.
- Tembung **pethak** tegese
- ireng
 - putih
 - abang
 - ijo
16. Salah sawijining sarana kanggo menehi wewarah marang wong liya kanthi cara sesidheman utawa ora terang-terangan lan di wujudake ana ing sawijining pementasan diarani
- Kethoprak
 - Legenda
 - Geguritan
 - Sandhiwara
17. Unen-unen kang ajeg panganggone , mawa teges entar lan ngemu surasa pepindhan yaiku
- bebasan
 - paribasan
 - parikan
 - salaoka
18. Unen-unen kang ajeg panganggone lan ngemu surasa pepindhan, dene kang dipindhakake wonge yaiku
- bebasan
 - paribasan
 - parikan
 - saloka

19. Unen-unen kang ajeg panganggone , mawa teges entar lan ngemu surasa pepindhan, tuladhane ancik-ancik pucuking eri, kang nduweni teges
- A. wong kang tansah kewatir lan wedi amarga keluputane dhewe
 - B. wong kang urip rekasa amarga ora gelem srawung karo kancane
 - C. wong kang ana ing tengah-tengah alas
 - D. methiki eri ing tengah alas
20. Kang kalebu contone saloka yaiku kebo kabotan sungu, bathok bolu isi madu, kebo nusul gudel lan sapanunggalane. Apa tegese kebo nusu gudel ?
- A. anak manut karo piwulange wong tuwa
 - B. wong tuwa manut karo kebone
 - C. wong tuwa kang manut karo kekarepane anake
 - D. anak lan wong tuwa manut karo simbahe
21. Doni wingi ketabrak montor amarga nututi pitike ben ora ketlindhes montor. Jebul malah dheweke sing nandang lara nemen amarga nututi barang sepele, kaya bebasan
- A. ancik-ancik pucuking eri
 - B. nututi layangan pedhot
 - C. Asu belang kalung wong
 - D. Bathok bolu isi madu
22. Upacara Adhat Jawa kaperang dadi 3 jinise, yaiku Mijil, Manten, lan Mati. Tuladha kang trep kanggo upacara adhat Jawa kang kalebu jinise Mijil lan sebabe ing ngisor iki yaiku..
- A. upacara mendhem ari-ari, amarga kalebu upacara adhat kang gayut karo laire jabang bayi
 - B. upacara mendhem ari-ari, amarga ana gegayutane dedonga becik ana ing mantenan
 - C. upacara boyongan, amarga gayut karo boyonge bayi umur 4 sasi ana ing omah
 - D. upacara nusur tanah, amarga ana gegayutane karo dedonga becik kanggo laire jabang bayi
23. Upacara Adhat Jawa keperang dadi 3 jinis, yaiku Mijil, Manten lan Mati. Tuladha kang trep kanggo upacara adhat jawa kang kalebu jinis Mati yaiku....
- A. upacara nelung dina, pitung dina, patang puluh dina, nyatus dina, lan nyewu dina
 - B. upacara rong dina, nelung dina, patang puluh dina, nyewu dina
 - C. upacara nelung dina, nyatus dina, sepasaran, selapanan
 - D. upacara sepasaran, selapanan, patang puluh dina
24. Upacara mitoni dipunwontenaken ing tabuh 15.00-16.00 sore, amargi masyarakat jawa pitados bilih ing wekdal menika, widodari saweg mandhap ing bumi kagem siram. Saka tabuh 15.00-16.00, ana pirang menit? Kasebutna kanthi basa krama!
- A. nemdasa
 - B. suwidak
 - C. tigangdasa
 - D. gangsaladasa

25. Ubarampè ingkang dipunginakaken ing upacara tingkeban inggih awujud manèka werna dhedhaharan. Dènè ancasipun wonten dhedhaharan punika minangka tandha sukur dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuawaos awit sedaya sih nugrahanipun. Tembung **ubarampe** tegese
- sajen
 - kleman
 - tumpeng
 - piranti
26. Ingkang dahat kinormatan Kepala Madrasah Tsanawiyah, Bapak ibu guru, saha karyawan ingkang satuhu luhuring budi, ugi sedaya kadang kelas 7, 8, lan 9 ingkang kulo tresnani. Sumangga kita sesarengan ngunjukaken raos syukur dumateng Allah SWT ingkang sampun ngluberaken rahmat saha hidayahipun, saengga kula lan panjenengan sedaya saged makempal ing adicara perpisahan kelas 9 kanthi wilujeng mboten manggihi alangan setunggal menapa. Manut peranganing sesorah, cuplikan wacan ing dhuwur kalebu
- pambuka
 - muji syukur
 - atur pakurmatan
 - salam pambuka
27. Hadirin ingkang kula hurmati, pendidikan menika mboten namung saking sekolah formal kemawon, ananging saged wonten pondok pesantren, bimbil, lan sanesipun. Ingkang baku sedaya punika saged maringi wawasan ugi ndadosaken akhlak ingkang sae, supados wontenipun majenge jaman generasi menika gadhah benteng ilmu agama, ahlak lan tata karma. Perangan sesorah ing nduwur kalebu
- dudutan
 - surasa basa
 - wasana basa
 - purwaka basa
28. Gatekna kanthi permati ukara ing ngisor iki !
- atur pamuji
 - pangarep-arep
 - salam pambuka
 - atur pakurmatan
 - njaluk pangapura
- Pratelan ing nduwur kang kalebu perangan pambuka sesorah yaiku
- 1, 2, 3
 - 1, 3, 4
 - 2, 3, 4
 - 3, 4, 5
29. Ukara ing ngisor iki kang kalebu panutuping sesorah, yaiku
- ingkang kulo hormati bapak ibu guru lan karyawan, kanca-kanca sarta sederek kula ingkang caketing manah
 - para rawuh ingkang minulya, sumangga kita sesarengan ngaturaken muji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT
 - wasana cekap semanten atur kula, mbokbilih wonten kalepatan, trapsila, ugi tata basa ingkang mboten mranani penggalih kula nyuwun agunging pangapunten

- D. kulo minangka sesulih saking kanca-kanca kelas 9 ngaturaken agunging panuwun kagem bapak ibu guru ingkang sampun nggulowentah kula sakanca sadangunipun 3 tahun
30. Metode sesorah iku ana papat, dene kang dilakoni kanthi nggawa lan maca teks kang wis diiapake diarani
- A. naskah
 - B. menghafal
 - C. impromptu
 - D. ekstemporan
31. Nalika ing acara kang sifate resmi Arjuna dipasrahi matur ing sangarepe wong akeh kanthi tema lan tujuan kang gumathuk yaiku
- A. sesorah
 - B. pariwisata
 - C. geguritan
 - D. wara-wara
32. Mboten karaos sakmenika sampun lumampah warsa enggal 2025, dene sinengkanipun ingkang gumathuk inggih punika
- A. sabda pandhita rasa nyawiji
 - B. sirnaning laku tanpa manembah
 - C. pusaka kembar tanpa pengantin
 - D. lungidhing wasita ambuka bawana
33. Nalika arep menyang Wonosobo ana ing gapura pungkasaning kecamatan Kertek tinulis nganggo aksara jawa sinengkan “pusakaning dwi pujangga nyawiji”, nuduhake madege kutha Wonosobo yaiku tahun
- A. 1825
 - B. 1826
 - C. 1827
 - D. 1828
34. Gatekna tembung ing ngisor iki
- 1. gaman
 - 2. piranti
 - 3. kembar
 - 4. pandawa
 - 5. turangga
- Miturut kawruh sengkalan kang kawastanan watak 5 yaiku tembung
- A. 1, 2, 3
 - B. 1, 2, 4
 - C. 2, 3, 4
 - D. 2, 4, 5
35. Tata krama sekolah menika mboten namung dipatrapaken wonten salebeting kelas kemawon, ananging sedoyo panggenan kadasta ruang guru, perputakaan, kantin, pekiwan, ugi sanjawining kelas saengga sedaya kagiyatan saged lumampah kanthi sae Salah setunggalipun inggih menika
- A. neda jajan kanthi mlampah

- B. mbucal sambah saksekecane piyambak
- C. menawi nubruk utawa nyenggol tiyang sanes mendel kemawon
- D. mlampah tumuju lan mlebet dhateng kelas kanthi tertib lan tumata

36. Gatekna kanthi permati prathelan ing ngisor iki !

- 1. guru lagu
- 2. guru swara
- 3. guru gatra
- 4. guru madya
- 5. guru wilangan

Kang kalebu paugeran tembang macapat yaiku

- A. 1, 2, 3
- B. 1, 3, 5
- C. 2, 3, 4
- D. 2, 4, 5

Gatekna kanthi permati tembang ing ngisor iki kanggo soal 37-38

Bener luput ala becik lawan begja

cilaka mapan saking

ing badan priyangga

dudu saking wong liya

pramila den ngati-ati

sakeh durgama

singghana den eling

37. Tembang ing nduwur dumadi ana ... gatra

- A. 5
- B. 6
- C. 7
- D. 8

38. Guru lagu lan guru wilangan tembang macapat ing nduwur yaiku

- A. 12a, 6i, 7a, 7a, 8i, 5a, 7i
- B. 12a, 7i, 7a, 6a, 8i, 5a, 7i
- C. 12a, 6i, 7a, 7a, 8i, 5a, 7i
- D. 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i

Gatekna kanthi permati tembang ing ngisor iki kanggo soal 39-40

Dene ingkang kaprah ing mangsa samangkya

yen ana densenengi

ing pangalemira

pan kongsi pandirangan

matane kongsi mendelik

nadyan alaa

ginunggung becik ugi

39. Miturut pethilan tembang Durma ing nduwur yen ana kang disenengi, wong mau tansah ...

- A. diguyu
- B. dialem
- C. ngati-ati

- D. ginuronen
40. Isine tembang kasebut yaiku supaya manungsa
- A. seneng ngalem uwong kang tumindak ala
 - B. yen seneng karo uwong kudu dialem
 - C. mandang uwong kanthi mendelik
 - D. dadi uwong aja salah kaprah
41. Gatekna kanthi permati tembung ing ngisor iki !
- 1. lucu
 - 2. galak
 - 3. muntab
 - 4. sembrana
 - 5. sombong
- Kang kalebu watak tembang Durma yaiku
- A. 1, 3, 4
 - B. 2, 3, 4
 - C. 1, 3, 5
 - D. 2, 3, 5
42. Ngasah arit kudu landhep, dadi murid kudu ...
- Tembung kang trep kanggo mepaki parikan kasebut yaiku
- A. pinter
 - B. manut
 - C. sregep
 - D. wani
43. Ngenteni ibu nang lor tugu, nasihat guru mesthi ...
- A. digugu
 - B. kanggo
 - C. sregep
 - D. becik
44. Tiyang Jawi menika kebak kabudayaan saha tata krama ing samudayanipun, semana uga nalika mertamu patrape ingkang becik yaiku
- A. mlebu tanpa uluk salam
 - B. lungguh saderengipun diprentah
 - C. hangrahabi pasugatan ngantos telas
 - D. mboten ngrepoti ingkang kagungan dalem

Gatekna kanthi permati geguritan ing ngisor iki !

Cita-citaku

Esuk budhal sekolah
Sore nyekel buku
Awan dak nggo sinau
Mung arep kanggo nggayuh cita-citaku
Yen dakrasa ora ana wektu kanggo seneng atiku
Aku sinau saben wektu
Tansah manut dawuhe wong tuaku

Supaya aku dadi bocah kang sugih ilmu

45. Isi geguritan ing nduwur yaiku

- A. yen sekolah kudu sregep sinau
B. kabeh bisa karengkuh kanthi ilmu
C. ngilmu iku kalakon kanthi donga ibu
D. sregep sekolah lan sinau supaya sugih ilmu

46. ပုံစံကဲ့သို့ ခြေထောက် အရပ်အဝန်း ... ကျွန်ုပ်တို့၏

Ganepe ukara ing nduwur yaiku

- A. ນິກຸລາທາ
B. ນິກຸບາທາ
C. ນິກຸບາທາ
D. ນິລຸກາທາ

47. Aku lan kancaku cacah 3 dolan menyang pasar kumandang. Menawa katulis aksara jawa sing bener yaiku

- [illegible]

48. Miturut paugeran panulisan angka jawa kang bener yaiku

- A. ပြာဟုက ပွဲပွဲ
- B. ပျီဗီက ပျီဗီက : ပျီ : ပျီ
- C. ပျီပြာဟုက ပျီဗီက : ပျီ : ပျီ
- D. ပြာဟုက : ပွဲပွဲ ပျီဗီက ပျီဗီက : ပျီ

49. ᮊᮘᮞᮕᮒᮓᮔ᮪ ᮙᮂᮝᮦᮒᮐᮩᮃᮁ Yen diwaca unine

- A. zakat mal lewat amil
B. zakat fitrah ing badhan amil
C. zakat mal ing wulan ramadhan
D. zakat fitrah ing wulan ramadhan

50. ပူဇော်ကလေး နေရာမှာရှိတဲ့ အိမ်ထဲမှာ မီးခိုးနံ့ဟာ ဘယ်လိုအရသာ ရှိသလဲ။ Ukara kasebut pamacane

- A. Sakwise ngaji nggozali sinau karo farhan
B. Sakwise ngaji nggozali sinau karo fentin
C. Sakwise dzuhur ghozali sinau karo farhan
D. Sakwise dzuhur ghozali sinau karo frentin